**РЕЗЮМЕ.** В процессе обучения актёрскому мастерству он обогащает внутренний мир ученика, расширяет его мировоззрение, побуждает его использовать все возможности сцены. Кроме того, говорится, что многое зависит от бога-творца во время исполнения роли.

**SUMMARY.** In the process of teaching acting techniques, students are taught to enrich their inner world, broaden their worldview, and make full use of the stage's possibilities. Moreover, it is discussed that much also depends on the artist's inspiration during the performance of a role.

# RUBAP SAZ ÁSBABÍN SHERTIW USÍLLARÍ HÁM SHÍǴARMA ÚSTINDE ISLEW

**Joldasbaeva Tamara Baltabaevna** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** rubap áspabınıń atqarıw usılları, shtrixları, onıń pastanovkası, mediatordı qalay uslaw kerekligi, shıǵarmanı qalay atqarıw, onıń ústinde islew, ritmin, dinamikalıq belgilerin islew h.t.b.

**Ключевые слова:** способы игры на инструменте рубаб, его штрихи, пастановка, как держать медиатор, как исполнять произведение, работа над ним, ритм, динамические знаки и.т.д.

**Key words:** methods of playing the rubab, its strokes, pastanovka, how to hold the mediator, how to perform the piece, how to work on it, how to create rhythm, dynamic signs, etc.

Ulıwma plektorlıq saz ásbabları haqqında oqıwshılarǵa jeke túsinikler beriledi. Sonıń ishinde rubap sazınıń kelip shıǵıw tariyxı, onıń qanday metaldan soǵılatuǵını tarlardıń. dúzilisi, forması perdeleri, onıń atqarıwshıları haqqında h.t.b. oqıwshılarǵa maǵlıwmatlar beriledi. Sonıń ishinde rubap sazın qalay uslaw - oń qol shep qoldaǵı jaǵdaylar onıń otırıp hám turıp shertiw ushın qolaylı ekenligi, oń qolda mediator (plastinkadan islengen bolıp bas barmaq penen birinshi barmaq arasında qısıp uslap turatuǵını haqqında túsindire kelip, oqıtıw oqıwshınıń qızıǵıwshılıǵın oyatıw maqsetinde ózi rubap ásbabında jaǵımlı bir namanı shertip atqarıp kórsetedi. Qashqar rubabı ansambl ha'm orkestrde otırıp shertken waqtında otırǵıshqa súyenbesten qaddin tik uslaǵan halında shertip atqaradı.

Rubap shıǵanaǵı kift penen oń qol pánjesi arasına jaylasadı. Bunda oń qol denege tıǵılıp turmawı kerek, kistler durıs erkin turıwı kerek. Rubap dástesi shep qoldıń bas barmaǵı menen pa'njesi ortasında uslanıp erkin turıw háreketine iye bolıwı kerek. Barmaqlar tarlar ústinde erkin turıwı kerek. Qashqar rubabı saz hám tanburdıń tiykarǵı atqarıw usılları

a) Bir tardı mediator menen tómen qaǵıw

b) Tardı mediator menen jogarıǵa hám tómenge almastırıp shertiw

v) Tardı mediator menen tómenge hám joqarıǵa tez-tez qaǵıp úzliksiz ses shıǵarıw

g) Tardı bas barmaqtıń tómen shertiw shımtıp shertiw-pitstsikato usılı. Almasıp turatuǵın siyrek qaǵıydalarǵa mediatordıń bir taqilette sırǵanatıp shertiw. Ádette takttı kúshli úlesi tómenge qaǵıw (p) al kúshsiz úlesi bolsa joqarıǵa qaǵıw (v) menen atqarıladı. Mine bunday dawıslar (sesler) shıg'arıw usılına tremolo ushın tayarlıq delinedi. Tremolo payıtında mediator qaǵılıw tezligi jaǵınan hám kúshi jaǵınan bir halatta bolıwı kerek. Onı uslaw oń qolda mediator menen hár qıylı shtrixlar ústinde klasslar oqıtıwshınıń kórsetpelerin oqıwshı óz betinshe tayarlanǵanda esapqa alıp dıqqat penen ózin-ózi baqlap turiwi kerek, sebebi otırıw turıp rubap sazın atqarıw (postonovkaǵa) durıs meńgerip almasa onda, sońǵı oqıwshıǵa qıyınshılıq tuwdıradı. Sonıń ushın ásirese oń qolda mediatordı uslap shertiw ondaǵı ápiwayıdan-quramalıǵa ótiw usılları arqalı hám oqıwshı bul jerde joqarıda aytqanımızday muǵalimniń klasstaǵı jeke sabaqtaǵı anıq óz kúyinde, shtrixlardı da erinbesten berilgen kórsetpeler tiykarında sistemalı tú rinde kúnine 5-6 saat shamasında

óz betinshe waqıtlar bolıp kóp islewler natiyjesinde oqısa úlken natiyjeli jeń islerge erisedi. Sebebi sazdı hár qanday saz ásbabınan ózine tán meńgeriwdegi qıyınshılıǵı boladı. Berilgen muzıkalıq shıǵarmalardı ondaǵı ayırım qıyın shertiwge túsiniksiz jerlerin kóbinese islew yaǵniy, miynet processinde tabısqa erisetuǵın ámeliy is protsessinen esaplanadı. Rubap saz ásbabı hám onıń toparları (semeystvosı) 1940-jılları Tashkent Mámleketlik Konservatoriyası janında ilimiy eksperimental saz ásbabları hám olardı qayta islew isleri qolǵa alınıp, onı professor A.Petrosyanc qolǵa alıp, milliy saz áspabların qayta islep olardı kóp orkestrge nota sistemasina juwap beretuǵın halatında perdelerin ulıwma saz ásbabınıń barlıq diapozonın tembrlik ózgesheliklerin texnikalıq atqarıwlıqtaǵı imkaniyatların esapqa alǵan jaǵdayında qayta islep shıqtı. Mısalı: rubaptıń túrlerin rubap prima eń joqari ses beriwshi hám atqarıwshıǵa (shertiwge) qolaylı kishkene dástesi bolıp. perdeleri diapozon skripka diapazonına shamalas bolıp kvintaǵa sazlanadi. 1-mi. lya. sol. re tarli bolip rus balalaykasın elesletedi. Orkestrde o'z aldina tembr o'zgesheligi boyınsha o'z aldina partiyası bolıp atqarıwshılıqta júda texnikalıq sheberliklerdi talap etedi. Rubap prima saz áspabı mediator menen onıń da atqarıw shertiw waqtında qollanatuǵın priemları-tremolo-(tremolo) stakkato (staccato). bas barmaq arqalı (oń qolda) pissikato-(pizzicato) shtrix priemları arqalı atqarıladı. Rubap prima saz áspabının aplikaturası milliy saz áspablarinan girjek saz áspabına jaqın bolıp keledi. Rubap prima saz áspabında akkordlar tuwra júda qolaylı etip islengen. Rubap prima saz-áspabı xalıq orkestrinde o'ziniń tembrlik hám texnikaliq imkanı jaǵınan da jetekshi ses beriwshi saz áspabı bolıp esaplanadı. Rubap prima orkestr menen jeke (silnoy) muzikalıq shıǵarmalar atqarıwshılıǵında óz aldına (soliruyushiy) etiwshi saz áspabı bolıp tabıladı. Muzıkalıq shıǵarmanıń xarakteri, tonlıǵı kórkem obrazlıq jónelisin, kulminatsiyası ham ulıwma dúzilisin durıs tańlap, alıw atqarıwshı ushın úlken járdem beredi. Bulardı anıqlap alıwda mugallimniń járdemi zárúr boladı. Shıǵarma teoriyalıq jaqtan ózlestirilgennen keyin onıń ameliy atqarılıwına ótemiz. Muzıkalıq shıǵarmanı úyreniwdi shártli 3-4 basqıshqa bóliwge boladı. Shıǵarma menen aldın ala tanısıw boladi. Bul basqıshta oqıwshı shıǵarmanıń ulıwma súlderin korip biledi. Eger shıǵarmanı oqıwshı sherte almasa onda muǵallim shertip beriwi tiyis. Oqıwshınıń anaǵurlim rawajlanǵan dáwirinde shıǵarmanı tez kóz benen oqıp tanısıp onıń ulıwma esitiliwin ishki (qiyaliy esitiw arqalı elesletiwi kerek. Bul uqıptı muǵallim kishkene úzindiler ústinde islew arqalı úyretip barıwı tiyis. Shıǵarma menen ulıwma tanısıwdan keyin onı bóleklep tallaw jumısı baslanadı. Onıń ushın oqıwshı shıǵarmanı júda aqırın tempte sherte baslaydı. Texnikalıq qıyın jerlerinde toqtap. olardı ózlestiredi. Shıǵarmanıń qıyın jerlerinin tekstin tuúsiniw ushın onıń ritmikalıq sesler bálentligi dinamikalıq, fakturaliq ózgesheliklerine itibar beriwi kerek. Jumıstıń bul bóliminde oqıwshı nota tekstin jaqsı úyrenip shıǵarmanıń qurılısın anıqlawı zárúr. Eger shıǵarma úlken bolsa (sonata yamasa kontserttiń bólimi) onıń pishimin anıqlap bas hám qosımsha partiyalardın orınların bilip alıwı melodiyalıq, garmoniyalıq ózgesheliklerin, tsezuraların hám basqa da qásiyetlerin anıqlap alıwı júdá paydalı boladı. Reshitativ yamasa improvizatsiyalıq sıpattaǵı shıǵarmalarda (mısalı: kadentsiyalarda) óz qálewinshe degen belgiler bar jerde oqıwshı dıqqat penen usı materialdıń ha'm pesanıń o'z-ara baylanısın shıǵarmadan shıǵıp ketpegen halda atqarıw kerek. Jumıstıń bul dáwirinde applikatura (barmaqlardıń jaylasıwı) júdá áhmiyetli boladı. Eger shıǵarmada barmaqlardıń ornı belgilengen bolsa olardı anıqlaw kerek. Sebebi bir oqıwshıǵa qolaylı bolǵan applikatura ekinshi bir oqıwshıǵa qolaylı bola bermeydi. Shıǵarmanı jıynaqlı shertip onı tallap onnan keyin shıǵarmanıń ústinde islewdıń ekinshi basqıshı baslanadı. yaǵnıy texnikaliq jaqtan bezew baslanadı. Shıǵarmanı úyreniwde jumıslardı bunday basqıshlarǵa bóliw shártli boladı. Sebebi jumıs protsessinde bir qatar ózgerisler bolıp shıǵarmanıń belgili bólimine ayrıqsha itibar beriliwi múmkin. Shıǵarmanı texnikalıq jaqtan bezew waqtında muǵallim hám oqıwshınıń bas wazıypası bul dóretiwshiniń oy pikirin texnikalıq usıllar arqalı tıńlawshıǵa jetkeriw bolıp esaplanadı. Oqıwshıǵa shıǵarmanı taktpe-takt yadlatıǵa bolmaydı.

Sebebi sóylemlerdiń (frazalardin") bası takttiń basına tuwri kele bermeydi. Sonıń ushın oqıwshıǵa shıǵarmanı frazalarga bólip yadlatsaq jaqsı boladı. Shıǵarmadaǵı ayrıqsha qıyın jerlerin yaǵnıy, passajlardi ózlestiriw ushın hár qıylı variantlar usılın qollanıwǵa boladı. Misalı: Ritmikalıq, dinamikalıq, shtrixlıq ht.b.

Shıǵarmadaǵı bul passajlardı ózlestiriw ushın oqıwshı júdá aqırında tesiz toqtamastan shertip úyreniwi kerek. Shıǵarmanıń qıyın jerlerin tolıq ózlestirgennen keyin hám tolıq túsingennen keyin yadlawǵa boladı. Shıǵarmanı yadlap bolǵannan keyin oqıwshı onıń bóleklerin notaǵa qarap shertip turıwı kerek, yadlanǵan shıǵarma kóp waqıt yadta qalıwı ushın onı qayta shertiw hám onıń aqırın tempte shertiw, qıyalıy túrde shertip, yaǵnıy onıń esitiliwin hám notaların kóz aldında elesletip ótiwi kerek. Bunday shertiwler shıǵarmanıń shala yadlanǵan jerlerin anıqlawǵa járdem beredi. Muzıkalıq shıǵarmanıń ústinde islewdiń juwmaqlawshı dáwirinde dóretiwshiniń oy-pikirlerine hám shıǵarmanıń mazmunına tereń túsiniw talap etiledi. Bunı iske asırıw ushın muzıkanı dıqqat penen tıńlap notadaǵı kórsetpelerdi tolıǵı menen orınlaw kerek boladi. Bul jumıslardı iske asırıwda shıǵarmanı áste-aqının ham qıyalıy yaǵnıy, oy menen shertip shıǵıwı úlken járdem beredi. Eger oqıwshı dóretiwshiniń oy-pikirlerin tolıq kórsete alsa shıǵarmanıń ústindegi jumıs juwmaqlanadı dep aytıwǵa boladı. Bunday nátiyjege erisiw ushın oqıwshı óz muzıkalıq áspabınıń barlıq múmkinshiliklerinen tolıq paydalanıp, barlıq atqarıwshılıq uqıpların hám sezimlerin iske salıwı kerek.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Odilov A. O‘zbek xalq cholg‘ularida ijrochilik tarixi. Toshkent. 1995.
2. Ayekeev K. Duwtar shertiw usılları. Nókis. 1996.

**REZYUME**. Bul maqalada rubap saz áspabınıń atqarıw usılları, shtrixları, onıń pastanovkası, shıǵarma ústinde islew, ritmin, dinamikalıq belgilerin islew aytıladı.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье рассматриваются техники игры на рубабе, его штрихи, пастановка, работа над произведением, ритм и динамические знаки.

**SUMMARY**. This article discusses the playing methods of the rubab, its strokes, tuning, working on the piece, rhythm, and dynamic symbols.

## MILLIY MUZÍKA - XALÍQTÍŃ MÁNAWIY QÁDIRIYATÍ SÍPATÍNDA

**Ruslan Kudenov** – *oqıtıwshı*
*ÓzMKÓMI Nókis filialı, “Folklor hám etnografiya” kafedrası*

**Tayanısh sózler:** milliy muzıka, ruwxıy qádiriyat, xalıq qosıqları, estetikalıq tárbiya, ruwxıy miyras, tariyxıy estelik, milliy maqtanısh, muzıkalıq mádeniyat, globallasıw, ózlikti ańlaw.

**Ключевые слова:** национальная музыка, духовные ценности, народные песни, эстетическое воспитание, духовное наследие, историческая память, национальная гордость, музыкальная культура, глобализация, самосознание.

**Key words:** national music, spiritual values, folk songs, aesthetic education, spiritual heritage, historical memory, national pride, musical culture, globalization, self-awareness.

Milliy muzıka hárbir xalıqtıń mádeniy turmısı, tariyxıy esteligi hám ruwxıy dúnyasınıń ajıralmas bir bólegi bolıp esaplanadı. Ol xalıq qálbiniń hawazı, arzıw-niyetleri, qayǵı-táshiwishleri, quwanıshı hám maqtanıshı menen suwǵarılǵan bolıp, áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan biybaha ruwxıy miyras bolıp esaplanadı.

Ózbekstan xalqı ásirler dawamında bay muzıkalıq mádeniyatqa iye bolıp kelgen. Maqamlar, xalıq nama - qosıqları, qosıqlar hám sazendelik kórkem óneri xalıqtıń ishki